

ÈSKE LOJMAN OU PA GARANTI?

ÈSKE W AP VIV...

- avèk fanmi w, zanmi, oubyen lòt moun akòz ou pèdi kay ou oubyen akòz difikilte finansyèl?
- nan yon chèltè?
- nan yon motèl oubyen lotèl akòz ou pa gen okenn lòt kote pou w ale?
- nan yon lojman ki pa apwopriye?

ÈSKE W AP
VIV NAN YON
ADRÈS KI
TANPORÈ?



NAN KA SA A OU KA JWENN PWOTEKSYON ANBA LALWA MCKINNEY-VENTO A!

Timoun ak jèn moun ki nan lojman tanporè genyen dwa pou:



- rete nan menm lekòl la, ikonpri lekòl prematènèl, epi jwenn transpò gratis menmsi li andeyò limit distri a;
- enskri lekòl touswit san dosye (dosye akademik, dosye medikal, dosye vaksinasyon, prèv rezidans);
- jwenn sèvis edikasyon espesyal touswit si elèv la genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Plan) pou kounyen an;
- patisipe nèt nan aktivite lekòl yo, avèk tou nan aktivite anvan ak apre lekòl;
- jwenn sèvis sipò ak èd pou bagay tankou founiti lekòl atravè Tit I;
- jwenn repa nan lekòl la san l pa bezwen ranpli yon aplikasyon;
- jwenn èd pou enskri nan prematènèl, Head Start, lòt pwogram prematènèl, ak pwogram Entèkansyon Bonè pou Timoun Piti; epi
- jwenn èd pou prepare ak pou aplike pou kolèj.

OU GENYEN
DWA ESKOLÈ
KI ENPÒTAN!

ÈSKE W TE KONNEN?

Chak distri lekòl fèt pou genyen yon moun ki sèvi kòm lyezon pou McKinney-Vento ki pou ede elèv yo avèk lojman tanporè.

POU ASISTANS:

- Lyezon McKinney-Vento

Si pa gen anyen ki make, kontakte NYS-TEACHS pou enfòmasyon sou lyezon an nan 800-388-2014 oubyen ale nan www.nysteachs.com/liaisons

Mande lyezon McKinney-Vento w la pou l ede w!

Pou plis enfòmasyon, rele

NYS-TEACHS 800-388-2014

www.nysteachs.org

Kowòdonatè Leta
New York pou Edikasyon
Moun ki Sanzabri

Melanie Faby

Imèl: melanie.faby@nysed.gov

Sitwèb: www.p12.nysed.gov/accountability/homeless